



VYOLANS KI FÈT SOU FANM:

**KISA POU NOU FÈ NAN KA TA GEN VYOLANS. KÒMAN
POU IDANTIFYE YO, KÒMAN POU DENONSE YO.**

Jwenn nou tankou sjmchile:



◆ KISA VYOLANS KI FÈT SOU MOUN?

Li se yon tip de vyolans fizik oswa sikolojik ki fèt sou nenpòt moun oswa yon gwoup moun ki baze sou oryantasyon seksyèl yo oswa idantite yo, sèks oswa fason ki afekte negativman idantite yo ak byennèt sosyal, fizik, sikolojik oswa ekonomik.

◆ VYOLANS KI FÈT SOU FANM

Òganizasyon Nasyon Zini (ONU) defini vyolans ki fèt sou fanm kòm “nenpòt zak vyolans ki baze sou sèks, ki ka rezilta yon soufrans fizik, seksyèl oswa sikolojik pou fanm lan, ki gen ladann menas, tankou koaksyon oswa privasyon abitè nan libète, kèlkeswa si sa rive nan lavi piblik oswa prive »

https://www.who.int/topics/gender_based_violence/es/

TIP DE VYOLANS:

Fizik:

Se tout fòm agresyon sou fanm yo, pousad, rale cheve, pichkannen, kout pwen, peze, kout pwen ak kout pye jiska ke rive tire kou ak objè yo. Fason ki pi fò de vyolans fizik sou yon fanm se femisid.

Sekeyèl:

Lè yo oblije yon fanm fòse fizikman oswa pa menas sikolojik pou li gen relasyon seksyèl oswa pou li fè aksyon seksyèl ki parèt imilyan oswa degradan.

Sikolojik:

Se lè yo tante kontwole yon fanm a travè menas epi presyon emosyonèl ak objektif pou lakòz ensekirite e konpli pa manipilasyon, pouvwa sou desizyon li yo.

Ekonomik:

Se lè yo tante kontwole fanm lan pa mwayen de bay sèlman lajan ki nesesè pou okipasyon li ak pitit li yo epi lòt moun ki fè pati gwoup fanmi an. Yon lòt fòm vyolans ekonomik se sa ki manifeste lè koup la apwopriye lajan fanm nan ak kontwole chak youn nan depans yo li te fè.

Pou idantifye si ou oswa w' konnen yon moun viktim vyolans, rann ou kont ki tip vyolans li ye.

◆ KISA POU FÈ LÈ GEN YON SITIYASYON VYOLANS KI FÈT SOU FANM?

Ou dwe konnen ke Leta pwoteje fanm ki viktim oswa ki te viktim vyolans nan men mari yo oswa ansyen mari yo.

◆ KISA POU M' FÈ SI MWEN SE YON VIKTIM?

Li enpòtan pou ke nenpòt lè ou viktim vyolans ou dwe denonse sa.

- Eseye ale jwenn moun pwòch ou epi di yo sa w'ap viv. Sipò yon rezo li esansyèl pou pwoteksyon ou. cada caso. Toda la información que entregues será confidencial.
- Chak fwa ou fè viv yon episòd vyolans, pote plent ki koresponn lan nan lapolis, PDI oswa Biwo Pwokirè jidisyè a.
- Ou ka mande tou sipò, konsèy, atansyon sikolojik, sosyal epi legal de Sant fanm ki gen rapò ak Sèvis Nasyonal pou Fanm (SernamEG)

◆ KISA POU M' FÈ SI MWEN TEMWEN VYOLANS?

- Rele gratis nan 1455 pou mande pou konsèy sou sa ki pi bon pou fè sa depann de karakteristik chak ka. Tout enfòmasyon ou ba nou yo ap konfidansyèl.
- Si ou temwen yon epizòd vyolans kote lavi yon fanm ka nan an danje, imedyatman rele lapolis yo nan 149 oswa 133 oswa PDI a nan 134
- Si ou se yon manm nan fanmi an oswa ou pwòch viktim nan, li enpòtan pou ou apwiye li e akonpaye li pou ke li santi l' pi pwoteje.

Li fondamantal pou lavi viktim lan ke nan yon sityasyon vyolans ki fèt sou fanm yo reyalize respektivman denons lan.

Ou kapab vizite paj ofisyèl Ministè Fanm lan pou resevwa plis oryantasyon:

https://minmujeryeg.gob.cl/?page_id=3911

◆ KISA MINISTÈ FANM E EKITE A YE (SERNAMEG)?

- Ministè Leta ki an chaj pou apwiye konsepsyon, kowòdinasyon epi evalyasyon règleman, plan ak pwogram ki vize pou ankouraje egalite ant fi ak gason, egalite nan dwa epi chèche elimine tout fòm diskriminasyon abitè kont fanm.

Pou plis enfòmasyon vizite paj ofisyèl: <https://minmujeryeg.gob.cl/>

◆ SÈVIS NASYONAL POU FANM AK EKITE (SERNAMEG)

- Enstitisyon sa anchaje pou li egzèse politik, plan ak pwogram ki òdone pa Ministè Fanm lan, ki oryante pou li fòmante devlopman entegral fanm yo ak egalite moun yo de divès espas nan lavi nasyonal la. Youn nan aksyon prensipal nan yo se egzèse pwogram ki gen objektif pou prevansyon, elimine, sanksyone vyolans kont fanm yo ak vyolans andan fanmi yo.

Si ou vle plis enfòmasyon ou kapab gen aksè ak paj SernamEG: <https://www.sernameg.gob.cl/>

◆ SI W' NAN YON SITIYASYON VYOLANS OU KAPAB ALE NAN SANT POU FANM YO

KISA SANT POU FANM YO YE?

- Nan peyi Chili gen 109 Sant pou fanm, de Arica rive Magallanes, moun ki bay atansyon ak fanm ki gen plis pase 18 lane ki soufri vyolans ki baze nan kontèks mari aktyèl oswa ansyen. Se pa yon kondisyon si w' deja pote plent nan lapolis, ni se yon obligasyon pou reyalize li pandan tan ke w' rete nan Sant lan pou resevwa sipò sikolojik. Sepandan, si w' denonse epi Sant lan bay apwi legal, apwi sikolojik la se obligatwa.

Nan Sant sa yo pou fanm, yo bay premye atansyon pou resevwa tout fanm ki bezwen èd, konsèy ak enfòmasyon an relasyon ak diferan manifestasyon vyolans sou fanm, epi aprè sa fè derivasyon pou yo antre efektivman nan yon pwosesis entèvansyon psikolojik, sosyal, jiridik epi edikatif anchaje pa yon ekip pwofesyonèl de plizyè disiplin.

Sant Fanm yo gen **Kay Akèy**, ki se kote ki fèt pou pwoteje fanm viktim vyolans domestik nan men mari yo oswa ansyen mari yo, epi li ak pitit li yo lavi li an danje, yo enkòpore lojman, manje, epi sèvis, anplis de swen psiko-sosyal epi jiridik, ak sipò pou reprann pwojè lavi li. Rele nan 1455 pou plis konsèy..

Pou konnen Sant pou Fanm SernamEG nan komin ou antre sou

https://www.sernameg.gob.cl/?page_id=30017f

SI YO FÈ VYOLANS SOU OU: DENONSE

◆ SI MWEN SE VIKTIM VYOLANS, KÒMAN POU M' DENONSE ?

Plent yo kapab fèt nan tribinal fanmi yo, polis yo, lapolis investigasyon oswa Ministè Piblik la. Si pa gen okenn prèv vyolans fizik, oswa plent lan se pou vyolans sikolojik oswa ekonomik, pi bon fason an se Tribinal Fanmi. Nan ka ke gen prèv ki montre blese a, sa vle di yon dokiman medikal ki sètifye atak fizik la, oswa nan ka menas lanmò, li kapab rapòte bay Tribinal Fanmi oswa dirèkteman nan Ministè Piblik la.

ENPÒTAN: Nan kontèks distans fizik, Biwo Pwokirè jiridik la louvri yon modalite an liy pou denonse :

<http://www.nomasviolenciacontramujeres.cl/como-denunciar-2/>

SA OU DWE KONNEN:

◆ ÈSKE LI NESESÈ PRÈV OSWA DOKIMAN POU DENONSE?

Non. Pou pote plent, temwayaj viktim nan se sifizan. **Sonje ke si gen vyolans fizik li ta bon pou ou ale nan yon sant sante pou ou kapa kontaste blese.** Daprè nouvo lwa a, yo pa ka klase kòm blese modere.

Sonje byen: Nan sèvis sante ou dwe mande dokiman ki sètifye blese yo, paske sa se yon mwayen pou pwouve atak yo.

◆ KI MOUN KI KA FÈ PLENT LAN?

Moun ki afekte a oswa nenpòt moun ki konnen sa ki te pase a, swa yon manm nan fanmi an, yon zanmi oswa yon vwazen, menm ofisyèl piblik yo gen devwa pou yo denonse.

◆ 3. ÈSKE MWEN KA DENONSE VYOLANS DOMESTIK MENM SI MWEN PA MARYE OSWA MWEN P'AP VIV AK AGRESÈ A?

Wi. **Lwa sou Vyolans anndan fanmi (Lwa 20480)** konsidere plent kont mari aktyèl oswa ansyen mari, moun l'ap viv, oswa ansyen moun li te ap viv, menm mennaj oswa ansyen mennaj enkli ladann, men fòk yo toujou gen timoun ansanm.

◆ KISA DELI ABI ABITYÈL LA YE?

Li se egzèsis abityèl nan vyolans fizik oswa sikolojik, zak vyolans repete chak tan. Yon jij gason oswa yon jij fanmi ka detèmine ki lè yon kondwit abi abityèl, nan ka sa a l'ap voye tout enfòmasyon yo dirèkteman nan Biwo Pwokirè jiridik la, ak deli an deja etabli, pou kontinye investigasyon an.

◆ KISA MEZI PWOTEKSYON AN YE?

Mezi pwoteksyon yo baze sou dwa viktim lan genyen lè li fè fas ak pwobab asèlman, menas oswa atak sou li oswa fanmi li. **Biwo Pwokirè jiridik la gen obligasyon pou asire pwoteksyon viktim lan nan tout etap pwosedi penal la**, swa pou dekrè oswa fè demand mezi pwoteksyon.

◆ KI KOTE MWEN KA FÈ DEMAND POU MEZI PWOTEKSYON OSWA PREKOSYON?

Nan tribinal fanmi yo ak nan biwo pwokire jiridik yo genyen **Sant pou fè demand mezi prekosyon** ak objektif pou bay preferans mezi ki nesèsè pou pwoteksyon nan ka moun nan an danje.

Se fen semèn, jou ferye oswa lannwit... Eske mwen dwe tann pou denonse?

Ou kapab denonse imediatman nan komisarya lapolis, Pwokirè jiridik lan kapab akòde pwoteksyon mezi ou bezwen yo, nan ka ke ou santi w' an danje.

Ki kote pou denonse?

Ou kapab ale nan tribinal fanmi yo ak nan biwo pwokire jiridik yo Polis Envestigasyon (PDI) ak komisarya Lapolis. Ou kapab jwenn aksè nan link ki pi prè: <http://www.carabineros.cl/>

Ran ou kont ke: **Si w' viktim vyolans, ou santi ou an danje, entimide oswa menase epi ou gen krentif pou lavi w'**, ou ta dwe ale nan sant mezi prekosyon yo. Se la yo pral aplike yon ankèt sou risk yo pou detèmine si w'ap fè fas a abi abityèl oswa si lavi w' an danje. Aprèsa y'ap avize lapolis. Sonje byen ke ou ka toujou gen aksè ak non ofisyè lapolis ki pral an chaj pou konpli mezi pwoteksyon yo, menm jan tou nimewo telefòn ke ou dwe rele nan ka ou an danje

ENPÒTAN: Si ou sove lakay ou epi ou pa vle moun ki fè vyolans sou ou an konnen ki kote ou ye, ou dwe mande sekrè nan done pèsònèl ou pou yo pa parèt okenn kote. Sa enpòtan anpil pou respekte konfidansyalite a.

ATANSYON POU MOUN KI VIKTIM VYOLANS NAN KONTÈSK COVID-19

Nan sitiyasyon aktyèl la, yo detèmine kanal pou atansyon ak fanm ki viktim vyolans, la gen kèk ladan:

◆ TELEFÒN 1455- TELEFÒN POU ORYANTASYON AK ÈD POU VYOLANS KI FÈT SOU FANM.

Li pèmèt fanm ki souffri abi, fizik ak sikolojik, jwenn konsèy, èd ak enfòmasyon sou ki kote yo dwe denonse, epi ki moun pou yo rejwenn nan ka yo viktim vyolans.

Lè yon fanm nan yon sitiyasyon ke lavi l' an danje akòz vyolans, SernamEG ap mete yon aparèy pou ijans sou telefòn selilè viktim lan pou li ka kontakte li epi pou li jwenn atansyon imedyat.

Sèvis telefonik lan disponib 24 èdtan nan yon jounen, tout ane a (menm jou ferye ladann), li se gratis epi konfidansyèl.

Ou ka rele menm si w' pa gen minit sou telefòn selilè ou.

<https://www.chileatiende.gob.cl/fichas/11937-fono-de-orientacion-y-ayuda-por-violencia-contra-las-mujeres>

◆ TELEFÒN FANMI LAPOLIS: 149.

Li se yon sèvis telefòn gratis epi konfidansyèl de lapolis nan Chili li disponib 24 èdtan nan yon jounen, 7 jou nan semèn nan pandan tout lane a, li kreye ak objektif pou bay sipò prevantif ak oryantasyon a moun ki ka viktim Vyolans Domestik. Li fè jesyon derivasyon an byen vit epi avèk efikasite nan rezo piblik la oswa prive tankou: Sèvis Nasyonal pou Fanm (Sernameg), Sèvis Nasyonal pou Minè (SENAME), Meri, ONG selon sa li bezwen.

◆ POLIS ENVESTIGASYON: 134..

Li se yon liy telefòn ki pèmèt Polis Envestigasyon an ak otorite yo pou sitwayen yo ka denonse nenpòt sispèk, swa nan nimewo telefòn 134 oswa 600 400 0101 Denons Asire, ki totaman anonim.

◆ WHATSAPP FANM +569 9700 7000

Li se yon zouti de kominikasyon an silans disponibilize pa Ministè Fanm, li te devlope pa laboratwa a Gouvènman, Facebook (pwopriyetè WhatsApp) ak konpayi an Botmaker ak objektif pou pèsonalize pi posib yon aplikasyon pou itilize chak jou pou bay enfòmasyon, konsèy ak sipò emosyonèl pou moun ki ap vvyolans oswa moun ki temwen de li. Yo rekòmande ke fanm ak nenpòt moun kapab sere l 'sou telefòn li sou yon non sekrè epi an sekirite ke sèlman mèt li ka sonje. Li disponib 24 èdtan nan yon jounen, 7 jou nan yon semèn epi li se yon sistèm anonim paske li pa sèvi ak yon non oswa yon pwofil enstitisyonèl pou evite risk vanjans. Li se yon sèvis ki ka itilize tou pa vwazen oswa fanmi viktim lan ki okouran de sitiyasyon vyolans lan.

◆ “MASCARILLA 19”(KACHNEN 19) - KAPAB SOVE LAVI W’.

Inisyatif sa genyen kòm objektif ke tout fanm ki nan yon sitiyasyon de risk oswa danje pou entegrite fizik, sikolojik epi/oswa seksyèk, kapab ale nan famasi pi prè a epi a travè de pawòl sa “Mascarilla 19”, (Kachnen 19) moun ki nan famasi a ap kontakte sou nimewo oryantasyon 1455 e nan ka pi grav yo ak Lapolis Chili. Entansyon an se ofri yon kanal plis pou pou fanm yo kapab mande èd rapid epi fasil.

Sonje ke nan kontèks distans fizik, sit web fiskal la genyen disponib yon fòmilè pou denonse de fason online: <http://www.fiscaliadechile.cl/Fiscalia/quienes/formularios.jsp>

◆ PANDAN TAN KRIZ SANITÈ A, KI KOTE MWEN KAPAB ALE POU ATANSYON SIKOLOJIK EPI LEGAL KÒM YON MOUN KI VIKTIM VYOLANS?

Akòz karantèn lan e pou evite pwopagasyon kowonaviris la, Kòporasyon Asistans Legal la pèmèt paj sa <http://www.cajmetro.cl/justicia-te-ayuda/> pou reyalize tout konsiltasyon legal a travè yon fòmilè sou entènèt ou kapab poze kesyon ou yo, epi dapre done ou ban nou yo, youn nan pwofesyonèl yo ap reponn ou byen rapid.

Ou kapab tou konsilte nan lòt enstitisyon yo kòm:

- 1- Sant pou Fanm de Sèvis Nasyonal Fanm epi ekite de jan (SernamEG) https://www.sernameg.gob.cl/?page_id=30017
 - 2- Sant Sante Mantal (COSAM), <http://www.todomejora.org/docs/ayuda/COSAM.pdf>
 - 3- Sant Atansyon ak viktim Deli vyolan. Centros de Atención Reparatoria a Mujeres Víctimas de Agresión Sexual (CVS).
-

◆ **NOU NAN KARANTÈN, ÈSKE MWEN KAPAB PA KONPLI AK KARANTÈN LAN POU M' SÒTI AL DENONSE ?**

Wi, moun ki viktim vyolans kapab ale nan lari yo pou yo ale nan estasyon lapolis pou depoze yon plent. Lòt moun ki 'ap pote plent pou viktim nan kapab fè li tou. Ou pap resevwa okenn sanksyon.

Si mwen se yon migran nan sitiyasyon regilye oswa iregilye, mwen kapab jwenn aksè ak pwogram swen pou fanm ki viktim vyolans yo?

Wi, nenpòt migran ki ap souffri vyolans nan fanmi li, kèlkeswa sitiyasyon migratwa li kapab gen aksè a diferan pwogram Swen ki pou fanm ke yo fè vyolans sou yo.

Ou pa dwe pè pou rele, atansyon an se pou tout fanm nasyonal epi migran yo.

◆ **KISA POU W' FÈ SI OU PATAJE KONFIMAN AN AK MOUN KI SE AGRESÈ OU?**

Ou kapab ale nan kanal ke yo fèt dekri anwo a nan pati Atansyon pou moun ki vitik vyolans nan kontèsk ijans sanitè pou Covid-19 la. Si ou menm ak pitit ou, lavi nou an danje ou kapab ale imedyatman nan Komisarya Lapolis yo

SONJE:

DENONSE VYOLANS KI FÈT SOU FANM, KAPAB SOVE LAVI W'.



Jwenn nou tankou sjmchile:

